



Pou Piblikasyon Imedya: 27/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO OUVRI APLIKASYON POU BOUSDETID
EXCELSIOR POU NOUVO APLIKAN POU PRENTAN 2023**

***Etidyan SUNY ak CUNY yo ki gen fanmi yo ki fè jiska 125,000 dola pa ane kapab
aplike pou inivèsite gratis***

Y ap aksepte aplikasyon jiska 9 fevriye 2023

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo ouvri kounye a aplikasyon pou Bousdetid Excelsior pou nouvo aplikan yo pou peryòd prentan 2023 [isit la](#). Bousdetid Excelsior la, an konbinezon avèk lòt pwogram èd finansye, pèmèt elèv a plentan ki elijib yo ale nan yon inivèsite de ane oswa kat ane nan SUNY oswa nan CUNY gratis.

"Depi kreyasyon li, Bousdetid Excelsior la te pèmèt plizyè dizèn milye elèv ki soti nan fanmi ki gen revni ba ak mwayen pou yo pouswiv yon bon kalite edikasyon san peye frè lekòl", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè yo soulaje fado finansye ki asosye ak depans pou ale nan inivèsite, elèv yo ak fanmi yo ka konsantre sou edikasyon yo, pou bay elèv New York yo tout opòtinite posib pou grenpe echèl siksè".

Elèv ki soti nan kay ki gen revni brit federal ajiste jiska 125,000 dola elijib pou yon prim bousdetid Ekselsior pou prentan an. Elèv la dwe tou:

- Planifye pou li ale nan yon inivèsite SUNY oswa CUNY de oswa kat ane
- Fini 30 kredi chak ane nan pwogram etid yo (sa gen ladan sesyon ete ak ivè yo); epi
- Sou wout pou gradye alè avèk yon Diplòm Asosye nan de ane oswa yon Diplòm Lisans nan kat ane

Doktè Guillermo Linares, Prezidan Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta New York (HESC), te deklare, "Pri pou ale nan inivèsite se souvan yon baryè pou elèv ki soti nan fanmi ki gen revni ba ak mwayen ki vle jwi benefis ki genyen nan jwenn yon diplòm apre segondè oswa yon kalifikasyon. Bousdetid Excelsior la ofri opòtinite pou elèv ki, san sipò finansye, ki pa t ap ka peye yon diplòm inivèsite".

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Done yo montre klèman ke yon diplòm inivèsite se zouti ki pi efikas pou mobilite asandan - ogmante

pouvwa salè, agrandi opòtinite karyè, epi menm pwolonje lavi ou. Men, eksperyans sa a rete lwen twòp moun. Bousdetid Excelsior la ede rezoud pwoblèm aksesibilite nan inivèsite, ranfòse angajman SUNY depi lontan pou bay yon edikasyon klas mondyal lè li elimine obstak finansye pou elèv k ap travay di atravè eta a. Mwen bat bravo pou efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou ede plis Nouyòkè jwenn ak benefisye de yon edikasyon SUNY".

Rektè CUNY, Félix V. Matos Rodríguez, te deklare, "Pwogram Bousdetid Excelsior la te ede efò CUNY pou elaji opòtinite edikatif ak aksè pou Nouyòkè ki sote tout kote. Excelsior te bay plizyè milye elèv CUNY opòtinite pou yo ale nan inivèsite gratis, ouvri pòt pou siksè nan edikasyon, siksè nan karyè ak, finalman, avansman ekonomik ak sosyal. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou rekonesans li kontinye genyen pou valè ak enpòtans edikasyon siperyè pou tout Nouyòkè yo".

Bousdetid Excelsior la se jis youn nan plizyè fason Eta New York rann inivèsite abòdab ak aksesib. Tcheke [sitwèb Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta New York](#) la pou gade lòt opsyon ki disponib pou ede peye inivèsite.

Aplikasyon pou Bousdetid Excelsior nan prentan 2023 a ouvri pou elèv ki fèk ap antre nan inivèsite nan sesyon otòn 2023 ak etidyan inivèsite aktyèl ki pa te janm resevwa Bousdetid Excelsior. Elèv k ap resevwa yon Bousdetid Excelsior kounye a pa bezwen ranpli aplikasyon sa a pou kontinye resevwa peman prim yo. Elèv ki elijib pou Bousdetid Excelsior la dapre Lwa DREAM Eta New York Senatè José Peralta a ka aplike [isit la](#).

Yo pral aksepte aplikasyon yo jiska 9 fevriye 2023.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418